



Ruhenshi 2016

Bene Data dusangiye amasengesho,

Harabonetse ugushigikirwa ku ruhande rwanje iri yinga, igihe tuba twihebuye, imitima irashobora kuruhukira mu Mana tukaronka ivyizigiro muri We nkuko muri Zaburi 62: 5 havuga.

Dukorere Uhoraho ubwoba bwacu gurtyo turonke ugushigikirwa n'ukuri . Kukw'ata jambo rivuye ku Mana ribura ububasha: (Luka 1:37). Igihe twegeranye ngo dusenge, amajwi yacu arashikira Imana, tukaronka inguvu zo guhangana n'ingorane, ibinyuranya natwe n'amageragezwa.

Mu masengesho, ubuzima burakorwako kandi bugakira. Raba ibishingantahe i Mozambique:

Igihe natangura gusenga, nibaza ko ntaza kurangiza umwanya nari nateguye kumara mu masengesho, ariko Imana yari kumwe nanje. Isengesho ryanje kwar'uko umuryango wanje woba mu mahoro. Igihe nariko ndasenga, umukobwa wanje yaratashe muhira, aca aja gusaba ikigongwe se wiwe icabatandukanije. Niho nabona ububasha bw'amasengesho.

Nta numwe afise ubushobozi nk'ubw'Imana, ariko igihe dusenga, Imana irakora ibitangaza biciye mu masengesho yacu.

Igihe dufatanije mw'isi yose mu gusengera abavukanyi bacu bo muri Angola n'iMozambique, twokwibukanya mu kigabane ca 1 mu gitabo ca 1 Samweli, ingene Imana yumvise ugusenga kwa Ana. Yashaka umwana n'ukwihebura kwinsi, yari yaracitse intege (Maze Ana asenga Uhoraho afise intuntu, arira cane (1 Samuel 1:10).

Twibukanye, ni kangaha tuba twihebuye ducitse intege, Imana iba hafi yacu ikumva amasengesho yacu. Igihe dufatanije gusenga n'amamiliyoni y'abantu mw'isi yose bizana ubumwe n'ubushobozi mu mubiri wa Kristo.

Ndashimira ukwitanga kwanyu n'umwete wanyu mu kuduza ijwi mu masengesho. Mugire ukwizera kw'Imana yumva amasengesho kandi yishura mu buryo bwayo no mu gihe cayo ciza.

Kand'ubu nibwo bushizi bw'ubwoba dufise kuri yo, n;ukw'iyoye dusavye ikintu cose gihwanyeye n'ivy' igomba, itwumva (1 Yohana 5:1).

Muri we imitima yacu iranezerwa.

Peggy Banks,
Umuyobozi Mvamakungu w'ibikorwa vy'
Umugambi Hannah